

# Jwenn benefis retrèt ki pa reklame yo

Nòt: Lyen yo ka mennen ou nan yon paj wèb an Anglè

Èske ou te touche yon benefis retrèt nan men yon anplwayè nan sektè a prive ki pèdi tras ou lè plan ou an te fini? Si wi, anplwayè ou a te kapab transfere benefis sa yo bay PBGC pou kenbe yo an sekirite.

PBGC kenbe benefis ki pa reklame yo pou moun yo pat peye lè plan retrèt yo te fini. Pou ede yo konekte ak benefis yo, PBGC kreye yon baz done pou rechèch.

## Antre siyati w ak kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou

Last Name	####	Search
-----------	------	--------

Si non w ak nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou matche ak enfòmasyon nan baz done nou an, nou ap di ou kijan pou kontakte nou pou kontinye rechèch ou a. (Men, tanpri sonje, yon match pa nesesèman vle di ke ou gen yon benefis retrèt nan PBGC.)

Si non w ak SSN ou pa matche ak baz done nou an, ou pa oblige sispann rechèch ou a. Ou ka gen yon benefis retrèt yon anplwayè ou oswa yon enstitisyon finansye prive kenbe. Nou pral dirije ou nan yon paj wèb kote ou ka jwenn resous pou ede ou kontinye rechèch la.

Baz done sa a gen ladan patisipan ki manke benefis yo te touche nan plizyè kalite plan retrèt:

- Plan pansyon benefis defini ki te fini nan yon revokasyon estanda.
- Plan retrèt ki te fini epi ki te transfere benefis oswa enfòmasyon bay Pwogram Elajji Patisipan ki manke yo nan PBGC. Kalite plan yo nan pwogram lan se plan benefis defini, plan kontribisyon defini, plan plizyè anplwayè, ak plan ti sèvis pwofesyonèl.
- Plan benefis defini ki te konfye bay PBGC.

Baz done a mete ajou chak trimès. Dènye mizajou an te fèt 30 novanm 2023.

### **Deklarasyon Lwa sou Vi Prive**

Pension Benefit Guaranty Corporation (PBGC) ap kolekte enfòmasyon pèsonèl idantifyab (PII) ou pou lokalize patisipan, benefisyè altènatif, benefisyè fon plan benefis defini ak plan kontribisyon defini ki ka dwe benefis kòm rezulta yon plan ki te fini oswa plan kontribisyon defini kote fon yo kenbe oswa anba kontwòl otorite PBGC. Lè w bay PBGC dènye non w ak 4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou, ou konsanti pou PBGC itilize enfòmasyon sa a pou detèmine si li gen dosye ki matche ak premye verifikasyon an. Si w pa bay enfòmasyon sa a, nou pap kapab fè yon rechèch pou dosye ki gen rapò ak ou. PBGC otorize pou kolekte enfòmasyon sa a anba 29 U.S.C. 1055, 1056(d)(3), 1302, 1321, 1322, 1322a, 1341, 1342, ak 1350; 29 U.S.C. 1203; 44 U.S.C. 3101; 5 U.S.C. 301. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [Fon Retrèt ki pa reklame SORN](#) nan PBGC.